**दिन—मंगलवार** **दिनांक—09.06.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक नेतृत्ववला केंद्रक एनडीए सरकारक बारह वर्ष पूरा भऽ गेल। श्री मोदी अजुके दिन वर्ष दू हजार चौबीस मे लगातार तेसर बेर भारतक प्रधानमंत्री पदक शपथ लेने छलाह। एहि अवसर पर प्रधानमंत्री कहलनि जे सरकार पछिला बारह वर्ष मे देशक युवा, महिला आ किसान सभ के सशक्त बनौने अछि। सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री मोदी कहलनि जे पछिला बारह वर्ष मे 'सबका साथ, सबका विकास'क सिद्धांत सँ प्रेरित निरंतर प्रयासक माध्यम सँ देश एकटा मजगूत आ आत्मनिर्भर भारत बनबाक दिस अग्रसर अछि।

---

गृह मंत्री अमित शाह कहलनि अछि जे प्रधानमंत्री मोदीक नेतृत्व मे पछिला बारह वर्ष मे भारत गरीबक कल्याण आ अभूतपूर्व विकास दुनू कँ एक संग साकार होइत देखलक अछि। रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह कहलनि जे प्रधानमंत्री मोदीक दूरदर्शी नेतृत्व पछिला बारह वर्ष मे सेवा भावनाक माध्यम सँ शासन कें नव रूप देलक अछि।

---

प्रदेश मे आब नव उद्योगक स्थापना लेल आवश्यक स्वीकृति मात्र तीस दिनक भीतर प्रदान कयल जायत। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी एक सोशल मीडिया पोस्ट मे ई जनतब देलनि। ओ कहलनि जे निवेशक सभ के नीक सुविधा उपलब्ध करेबाक आ प्रक्रिया कें सरल बनेबाक लेल सिंगल विंडो प्रणालीक दिस बढ़ैत राज्य निवेश प्रोत्साहन पर्षद सचिवालय कें एकल नोडल एजेंसीक रूप मे अधिकृत कयल गेल अछि।

---

शिक्षामंत्री मिथिलेश तिवारी कहलनि अछि जे प्रदेश मे कोचिंग संस्था सभ के कानूनक सीमा मे लाओल जायत। नव दिल्ली मे पत्रकार सभ सँ गपशप मे ओ कहलनि जे एहि लेल

सरकार बिहार राज्य कोचिंग नियमावली तैयार कऽ रहल अछि जे, अगिला तीन मासक भीतर लागू भऽ जायत। ओ कहलनि जे राज्य मे गुणवत्तापूर्ण शिक्षा व्यवस्था लेल केन्द्रीय मंत्री धर्मेन्द्र प्रधान सँ भेंट कयलनि अछि आ श्री प्रधान हुनका हर संभव मददि देबाक भरोसा देलनि अछि।

———————————————————————

राज्य सरकार एक्कैस जून के होबयवला नीट यूजी पुनर्परीक्षा के कदाचारमुक्त आ सुरक्षित वातावरण मे आयोजित करबाक लेल व्यापक तैयारी कयलक अछि। मुख्य सचिव प्रत्यय अमृत आ पुलिस महानिदेशक विनय कुमारक संयुक्त समीक्षा बैसार मे परीक्षा संचालन लेल जीरो टॉलरेंस नीतिक अंतर्गत कतेको निर्देश जारी कयल गेल। प्रश्न पत्रक सुरक्षा सुनिश्चित करबाक लेल भारतीय वायु सेना आ डाक विभागक समन्वय सँ ओकरा विशेष विमान सँ सुरक्षित पहुँचाओल जायत।

———————————————————————

राज्य सरकार वैश्विक बिहारी समुदाय के प्रदेशक विकास, निवेश आ नवाचार के मुख्यधारा सँ जोड़बाक लेल एकटा विशेष डिजिटल प्लेटफॉर्म शुरु कयलक अछि। सूचना प्रावैधिकी मंत्री नीतीश मिश्रा आइ पटना स्थित टेक्नोलॉजी भवन मे आयोजित कार्यक्रम मे एहि डिजिटल प्लेटफॉर्मक शुभारंभ कयलनि।

———————————————————————

राज्यक नव डिग्री महाविद्यालय सभ मे अतिथि शिक्षकक बहाली पर तत्काल प्रभाव सँ रोक लगा देल गेल अछि। बिहार लोकभवन सँ निर्गत आदेश मे कहल गेल अछि जे नव दिशा–निर्देश निर्धारित हेबा धरि प्रखंड सभ मे स्थापित होबयवला डिग्री कॉलेज सभ मे अतिथि शिक्षकक चयन अथवा नियोजनक प्रक्रिया शुरू नहि कयल जायत।

———————————————————————

एशिया कप अंडर–एट्टीन हॉकी ट्रॉफीक स्वर्ण पदक विजेता भारतीय टीमक गोलकीपर सावन कुमार के आइ पटना पहुँचला पर भव्य स्वागत कयल गेलनि। खेल मंत्री श्रेयसी सिंह हवाई अड्डा पर हुनक स्वागत कयलनि।

——————————————————————

प्रदेशक अधिकांश क्षेत्र भीषण गर्मीक चपेट मे अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे तैंतालीस दशमलव चारि डिग्री सेल्सियस अधिकतम तापमानक संग रोहतासक डेहरी राज्यक सब सँ गर्म स्थान रहल। पटना, गयाजी आ औरंगाबादक तापमान इकतालीस डिग्री सेल्सियस सँ ऊपर चलि गेल अछि। एम्हर, भागलपुर, मधुबनी, सीतामढी आ बेगूसराय जिला मे आइ आयल तेज अन्हर, तुफान आ वर्षा सँ लोक सभ के गर्मी सँ राहत भेटल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला अड़तालीस घंटा मे तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तन हेबाक संभावना नहि अछि। ओतहि, राज्यक उत्तरी आ दक्षिणी क्षेत्र मे किछु स्थान पर वर्षा हेबाक पूर्वानुमान अछि।

——————————————————————

खगड़िया में अंतर्राष्ट्रीय मैथिली परिषदक दिस सँ दू दिवसीय अंतर्राष्ट्रीय मैथिली सम्मेलनक आयोजन कयल गेल। सम्मेलन मे मैथिली आ मिथिलाक विकास पर चर्चा भेल।

——————————————————————

सहरसा मे शिक्षा विभाग कार्यालय भवनक तेसर मंजिल पर शॉर्ट सर्किट सँ आगि लागि गेल। अगिलग्गीक एहि घटना मे लाखो टाका मूल्यक संपत्ति जरि कऽ नष्ट भऽ गेल।

——————————————————————

सुपौलक भपटियाही थाना क्षेत्रक बनेनिया कोसी घाट पर एक नाव असंतुलित भऽ कऽ उनटि गेल। स्थानीय लोकक मदति सँ नाव पर सवार लोक सभ कें सुरक्षित निकालि लेल गेल अछि।

——————————————————————

समाप्त भेल